# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН ОНЛАЙН МЕДИА-РЕСУРСЛАРЫНДА БИЛИМЛЕНДИРИЎ ТАРАЎЫ ПРОБЛЕМАТИКАСЫНЫҢ СӘЎЛЕЛЕНИЎ ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ

**Даулетмуратов Т. П.**
*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәдeният институты Нөкис филиалы оқытыўшысы*

Ҳәзирги глобалласыў ҳәм санлы трансформациялар дәўиринде билимлендириў тараўы жәмийетлик раўажланыўдың стратегиялық индикаторына айланды. Системадағы түпкиликли реформалар, инновациялық педагогикалық технологиялардың интеграциясы ҳәм кадрлар потенциалын арттырыў мәселелери бүгинги күни ғалаба хабар қуралларының тийкарғы күн тәртибинен орын алмақта. Бул бағдардағы журналистлик материаллар тек мағлыўмат тарқатыў емес, ал жәмийетлик пикирди профессионал дәрежеде қәлиплестирийўши социаллық институт хызметин атқармақта.

Билимлендириў темасына бағышланған медиа-контент жәмийеттеги актуал машқалаларды сәўлелендириў, оларды системалы анализлеў ҳәм конструктив шешимлерди ислеп шығыўда әҳмийетли платформа есапланады. Мине, усы журналистлик изертлеўлер тийкарында билимлендириў системасын модернизациялаўға қаратылған жәмийетлик бақлаў ҳәм позитив социаллық позиция қәлиплеседи.

Заманагөй онлайн медиа-ресурслардағы билимлендириў темаларының проблематикасын изертлеў төмендеги стратегиялық мақсетлерди ийелейди. Тараўдағы жетискенликлер менен бирге, кешиктирип болмайтуғын кемшиликлерди анықлаў, журналистлик қатнасларды жетилистириў ҳәм мағлыўматты жеткериўдиң сапалық көрсеткишлерин арттырыў ҳәмде оқыў-тәрбия процесслерин жарытыўда қалыслықты, терең аналитикалық талқылаўды ҳәм социаллық жуўапкершиликти күшейтиўден ибарат.

Билимлендириў тараўына байланыслы медиа-материаллардың мазмунын анализлеўден алдын, изертлеўдиң концептуал тийкары болған «проблематика» түсинигине илимий анықлама берип өтиў зәрүр.

Проблематика – бул белгили бир публицистикалық шығарма, текст ямаса илимий изертлеўдиң мазмунлық өзегин қурап, автор тәрепинен таңланған тема шеңберинде ортаға қойылған актуал мәселелердиң системалы жыйындысы. Ол таңланған объекттиң мазмунын, социаллық әҳмийетин ҳәм ишки логикалық байланысларын ашып бериў менен бирге, изертлеўдиң идеялық бағыты менен стратегиялық мақсетин белгилеп береди.

Илимий-теориялық жақтан «проблематика» ҳәм «машқала» (проблема) түсиниклери бир-бирине генетикалық жақтан байланыслы болса да, олардың көлеми ҳәм функционаллық мәнисинде принципиал өзгешеликлер бар:

Проблематика: Бул кең көлемли, теориялық мазмунға ийе түсиник болып, белгили бир тараўдағы машқалалардың улыўма системасын ҳәм структуралық шеңберин аңлатады. Егер машқаланы жеке бир «элемент» десек, проблематика – сол элементлерди бирлестириўши пүтин бир концептуал майдан.

Машқала: Бул анық, реал қарама-қайшылық ямаса кешиктирип болмайтуғын шешим талап ететуғын конкрет жағдай.

Қысқаша айтқанда, машқала – анық, конкрет жағдай. Проблематика – усы тараўдағы машқалалардың улыўма шеңбери. Мәселен, студентлердиң сабаққа кешигиўи бул – машқала. Билимлендириў тараўындағы тәртип, сапа, кадрлар жетиспеўшилиги бул – билимлендириў тараўының проблематикасы.

Солай етип, журналистлик материалларда проблематиканы изертлеў — бул тек қатардағы кемшиликлерди (машқалаларды) санап өтиў емес, ал сол мәселелерди туўдырып атырған системалы себеплерди анализлеў болып табылады. Бундай илимий-публицистикалық қатнас тараўдағы реформалардың нәтийжелилигин арттырыўға ҳәм жәмийетлик пикирди туўры бағдарлаўға хызмет етеди.

Назира Қурбон болса өзиниң «Таҳлилий журналистика» атлы оқыў қолланбасында машқалаға төмендегише түсиник береди: машқала – кемшилик, жумбақ, шешилмеген мәселе сыяқлы мәнилерди аңлатса да, оған ҳәр бир инсан өз түсинигиндеги ямаса дус келген анық жағдайдан келип шығып тәрийп береди. Сондай-ақ, журналистика теориясында оған илимий тийкарланған қатнаслар да бар. Айырым изертлеўшилер машқалаға «ескилик пенен жаңалық арасындағы соқлығысыў» деп тәрийп берсе, басқалар «жуўабы берилиўи шәрт болған сораў» [1], деп жазады.

Солай екен, проблематика – бул текст яки изертлеўдиң мазмун-мәнисин ашып бериўши әҳмийетли түсиник болып, ол автор қандай машқалаларды көтергенин ҳәм оларға қандай шешим излегенин аңлатады.

Проблематика түсиниги темаға жақын турғаны менен темадан парық қылады. Егер тема шығарма яки текст не ҳаққында екенин билдирсе, проблематика онда қайсы машқалалар көтерилгенин көрсетеди. Соның ушын да бир тема ишинде ҳәр қыйлы проблематикалық мәселелер болыўы мүмкин.

Қарақалпақстан онлайн медиаларында жәрияланған билимлендириў темасындағы материаллардың проблематикасын төмендегише классификациялаў мүмкин.

1. Тәлим сыпаты мәселелери: сабақлық мазмунының заман талабына сай емеслиги; теория ҳәм әмелият арасындағы үзилис.

2. Муғаллимлер машқалалары: айлық төмен; артықша ҳүжжетшилик; кәсиплик раўажланыў имканиятларының шекленгенлиги.

3. Билимлендириў системасындағы реформалар: жаңа нызам ҳәм қарарлардың әмелдеги нәтийжеси; тез-тез өзгерип туратуғын талаплар.

4. Санластырыў ҳәм онлайн тәлим: аралықтан билимлендириў сапасы; техникалық тәмийнат ҳәм интернет машқалалары.

5. Әдиллик ҳәм ашықлық мәселелери: имтиханлардағы коррупция жағдайлары; баҳалаў системасы.

6. Оқыўшылар ҳәм студентлер машқалалары: артықша жүклеме; руўхый басым ҳәм стресс; билимлендириўге қызығыўшылықтың төменлеўи.

7. Ата-аналардың қатнасыўы: ата-аналардың мектеп өмириндеги роли; мәжбүрий пул жыйымлар машқаласы.

8. Инклюзив тәлим: майыплығы болған балалар ушын шараятлар; ҳәмме ушын тең билимлендириў имканияты.

9. Аўыллық ҳәм қалалық билимлендириў арасындағы айырмашылық: кадрлар жетиспеўшилиги; инфраструктураның жарамсызлығы; қурылыс.

10. Халықаралық тәжирийбе ҳәм салыстырмалы анализлер: раўажланған мәмлекетлер билимлендириў системасы менен салыстырыў; сырт елде оқыў мәселеси.

Бул классификация Қарақалпақстан медиа-кеңислигиндеги билимлендириў тематикасын тереңирек үйрениўге, журналистлик изертлеўлердиң мазмунын системаластырыўға ҳәм тараўдағы тийкарғы «аўырыўлы ноқатларды» анықлаўға хызмет етеди. Заманагөй онлайн медиа-кеңислигинде, соның ишинде билимлендириў бағдарындағы контентти қәлиплестириў процессинде бир қатар концептуал ҳәм кәсиплик машқалалар бақланбақта. Бул кемшиликлер медиа-өнимниң сапасына ғана емес, ал жәмийетлик аңның трансформациясына да тосқынлық етеди. Ҳәзирги медиа-орталықта мәлимлеме жеткериўдеги оперативлик принципиниң биринши планға шығыўы мағлыўматты тексериў механизминиң пәсейиўине алып келди. Нәтийжеде, билимлендириў тараўына тийисли материаллардың верификацияланбастан (тастыйықланбастан) жәрияланыўы мағлыўмат исенимлилигин төменлетип, аудиторияда дезинформациялық түсиниклердиң қәлиплесиўине себеп болмакта.

Онлайн басылымлардағы материаллардың көпшилиги дескриптив (сүўретлеў) сыпатқа ийе болып, терең аналитикалық усылдың жетиспеўшилиги сезилмекте. Билимлендириў тараўындағы машқалалардың детерминантлары (себепши факторлары) ҳәм потенциал ақыбетлери терең изертленбестен, тек хабар бериў форматы менен шеклениў материал проблематикасының концептуал жақтан ашылмай қалыўына алып келеди.

Медиа-кеңисликте дереклер менен ислесиў мәдениятының төменлиги профессионал стандартларға қатты соққы бермекте. Рәсмий статистикалық мағлыўматларға, компетентли экспертлердиң яки әмелиятшы-педагоглардың пикирине мүрәжат етиў орнына, социаллық тармақлардағы тастыйықланбаған мағлыўматларға сүйениў – билимлендириў журналистикасының легитимлигине унамсыз тәсир етпекте.

Интернет-медиада пайдаланыўшылардың итибарын агрессив тартыў мақсетинде кликбейт (clickbait) технологиясынан кең пайдаланылмақта. Бул бағдарда сенсационализм – яғный, теманы бөрттирип көрсетиў ҳәм мазмунға сай келмейтуғын «жалынлы» атамалардан пайдаланыў ҳәмде когнитив дузақ – пайдаланыўшыны силтемеге (link) басыўға мәжбүрлеў арқалы сан көрсеткишлерин арттырыў баслы мақсетке айланбақта.

Бул усыл билимлендириў сыяқлы социаллық әҳмийетке ийе теманың мазмун жағынан девальвацияға (қәдирин жойытыўға) ушыраўына ҳәм тараўдағы реал мәселелердиң көлеңкеде қалып кетиўине алып келеди.

Бул бойынша изертлеўши Н.Муротова: «Ғалабалық аудитория мыш-мышларды жақтырады ҳәм оларға көбирек қызығады. Бул талап блогерлердиң материалларына талапты арттырады» [2] деп атап өтеди. Әлбетте, бундай жантасыў билимлендириў тараўындағы реал машқалаларды аңлаў, оны аудиторияға бир пүтин ҳалатында жеткерип бериўден гөре, оқыўшы дыққатын тартыўға итибар қаратылады.

Заманагөй мектеп билимлендириўиндеги актуал машқалалардың бири – сабақлықлардың сапасы ҳәм сан жағынан жетиспеўшилиги есапланады. Оқыў-методикалық ресурслардың дефицити, әсиресе аўыллық жерлерде, оқыўшылардың өз алдына еркин таярланыў имканиятларын шеклеп, тәлим сапасының төменлеўине алып келмекте. Бул системалы машқалалар бүгинги күнде онлайн медиа платформаларда кең жәмийетлик дискурс ҳәм критикалық талқылаўлар объектине айланбақта.

Атап айтқанда, «Бул жерде неше сөз дурыс жазылған?» [3] «Мектеп сабақлығы. Неше қәте таптыңыз?» [4], «Нәўбеттеги мектеп сабақлықларындағы қәтешилик» [5], «Бағдарламадағы былғасықлар, сабақлықлардағы сайызлықлар» [6], «Сабақлық шала болса, муғаллимде не айып?» [7], «1-класс ушын Ана тили ҳәм оқыў саўатлылығы» [8] ҳәм «2-класс ушын арналған “Ана тили ҳәм оқыў саўатлылығы” сабақлығында жол қойылған қәте-кемшиликлер бойынша» [9] сыяқлы материалларда ушырасады.

Мәселен, «Бул жерде неше сөз дурыс жазылған?», «Мектеп сабақлығы. Неше қәте таптыңыз?» атамасында жәрияланған материалларда 2023-2024-оқыў жылына 4-қарақалпақ классы ушын таярланған “Тәрбия” пәни сабақлығы болып, сабақлықта өзбек тилинен қарақалпақ тилине аўдарыў процесинде бир қатар қәтеликке жол қойылғанлығын көрсек болады.




Сондай-ақ, «Нәўбеттеги мектеп сабақлықларындағы қәтешилик» атамасында жәрияланған нәўбеттеги мектеп сабақлықларындағы қәтешиликке блогер Ислам Капарзо Билимлендириў министрлигинен сабақлық китапларындағы көплеген қәтешиликлерге ким айыпкер екенин айтыўына шақырған.




Бул материалларда мектеп сабақлықлары оқыўшылар ушын тийкарғы билим дереги есапланатуғынлығы себепли олардағы ҳәр бир сөз ҳәм мағлыўмат анық, дурыс ҳәм илимий тийкарланған болыўы кереклиги, сабақлықларда жол қойылған имла, грамматикалық ямаса мазмунлық қәтелер оқыўшылардың билимин унамсыз тәсир көрсететуғынлығы, оларды алжастыратуғынлығы ҳәм надурыс түсиниклердиң қәлиплесиўине алып келетуғынлығы ҳаққында пикирлер билдирилген.

Әсиресе, баслаўыш класс оқыўшылары сабақлыққа толық исенеди ҳәм онда берилген мағлыўматты үлги сыпатында қабыл етеди. Егер сабақлықта қәтелер ушырасса, балалар бул қәтелерди дурыс деп үйренип қалыўы мүмкин. Бул болса кейин ала саўатлылық дәрежесиниң төменлеўине себеп болады. Сондай-ақ, Kruz.uz ҳәм Каракалпак 24 социаллық тармақларында “Марат мектеп алдындағы жолға фотокамералар орнатылды” [10] атамасында материал жәрияланған. Бул тема атамасы мазмун ҳәм тил нормалары жағынан кемшиликлерге ийе. Дәслеп, атамаға қолланылған «Марат» сөзи теманың мазмунына сәйкес келмейди. Ол ким яки не екенлиги анық көрсетилмегенлиги себепли оқыўшыда түсинбеўшилик пайда болады. Егер бул жердиң, мектептиң, шөлкем ямаса шахстың атын аңлатса, оны анық ҳәм толық формада көрсетиў талап етиледи.

Атама гәп дүзилиси жағынан да әдебий нормаларға толық жуўап бермейди. Тема аты қысқа, анық ҳәм мазмунын толық ашып бериўши болыўы керек. Анық емес ҳәм артықша сөзлердиң қолланылыўы информацияның мазмунын надурыс түсиниўге алып келиўи мүмкин.

Билимлендириў тараўы көп қырлы социаллық система болыўына қарамастан, онлайн медиадағы материаллардың сапасы бүгинги күн талапларына толық жуап бермей атыр. Изертлеўлер нәтийжесинде төмендеги тийкарғы кемшиликлер анықланды: Аналитикалық кемшиликлер: Көплеген материалларда илимий тийкарланған дәлиллер ҳәм статистикалық мағлыўматлардың орнына субъектив пикирлер үстинлик етпекте. Бул мағлыўматтың информациялық қунлылығын төменлетеди.

Верификация мәселеси: Исенимли дереклерге сүйенбеў ҳәм фактлерди тексериў мәдениятының төменлиги жәмийетте, әсиресе педагоглар ҳәм ата-аналар арасында надурыс түсиниклердиң қәлиплесиўине алып келеди.

Санлы медиа тәсири: Социаллық тармақлардағы оперативлик ҳәм сенсацияға умтылыў тенденциясы машқалалардың үстиртен (жүзеки) сәўлелениўине ҳәм бир тәреплемеликке себеп болмақта. Солай екен, билимлендириў тараўындағы журналистиканың нәтийжелилигин арттырыў ушын аналитикалық қатнасты күшейтиў, экспертлер пикирине сүйениў ҳәм кәсиплик жуўапкершиликти сақлаў илимий ҳәм социаллық жақтан зәрүр есапланады.

**ӘДЕБИЯТЛАР**

1. Қурбон Назира. Таҳлилий журналистика. –Тошкент: «O‘zkitobsavdonashriyoti», 2020. –Б. 88
2. Муротова Н. ва бошқ., Онлайн журналистика ва медида янги трендлар. VII жилд. –Тошкент: 2019. –Б 338
3. Билимлендириў жаңалықлары. - URL: https://t.me/bilimlendiriw_uz/403 . Көрилген сәнеси: 01.02.2024.
4. Қарақалпақстан Республикасы Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлигиниң рәсмий телеграм каналы. - URL: https://t.me/kkeduuz/26610 . Көрилген сәнеси: 04.02.2024.
5. Hoja.uz. - URL: https://t.me/Hoja_uz/9118?single. Көрилген сәнеси: 10.10.2023.
6. Hoja.uz. - URL: https://t.me/Hoja_uz/6321. Көрилген сәнеси: 19.02.2023.
7. Hoja.uz. - URL: https://t.me/Hoja_uz/4920 . Көрилген сәнеси: 03.11.2022.
8. Қарақалпақстан Республикасы Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлигиниң рәсмий телеграм каналы. URL: https://t.me/kkeduuz/22447 . Көрилген сәнеси: 19.04.2023.
9. Қарақалпақстан Республикасы Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлигиниң рәсмий телеграм каналы. URL: https://t.me/kkeduuz/12314. Көрилген сәнеси: 27.01.2022.
10. KRuz.uz |Рәсмий канал. - URL: https://t.me/kruzuz/38305. Көрилген сәнеси: 03.12.2025.

**Резюме.** Мазкур таҳлилда онлайн медиаларда олий таълимга оид материалларнинг асосий камчиликлари — ахборотнинг ноаниқлиги, холислик етишмаслиги ва текширилмаган маълумотлар тарқатилиши кўриб чиқилади. Шунингдек, расмий манбаларга таянилмаслиги ҳамда сарлавҳалардаги сенсацияга берилиш ҳолатлари тизимли муаммо сифатида баҳоланади.

**Калит сўзлар:** масала, ахборот, веб-сайтлар, ижтимоий тармоқлар, оммавий коммуникация воситалари.

**Резюме.** В данном анализе рассматриваются основные недостатки материалов о высшем образовании в онлайн-СМИ - неточность информации, отсутствие объективности и распространение непроверенной информации. Кроме того, необоснованность официальных источников и случаи сенсации в заголовках расцениваются как системная проблема.

**Ключевые слова:** проблема, информация, веб-сайты, социальные сети, средства массовой информации.

**Summary.** This analysis examines the main shortcomings of materials on higher education in online media - inaccurate information, lack of objectivity, and the dissemination of unverified information. Furthermore, the groundlessness of official sources and instances of sensationalism in headlines are assessed as a systemic problem.

**Key words:** problem, information, websites, social networks, mass media.